



Pou Piblikasyon Imedya: 22/12/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL SIYEN LEJISLASYON SOU DWA VÒT POU ELAJI AKSÈ NAN BILTEN VÒT AK AMELYORE PATISIPASYON ELEKTÈ YO

Lejislasyon S3505-B/A4282-B prevwa kèk eleksyon lokal dwe fèt nan jou eleksyon an nan ane pè yo

Aliyman pi gwo kantite eleksyon nan ane pè yo pral ogmante patisipasyon elektè yo nan eleksyon lokal yo

Gouvènè a anonse sipò pou amannman konstitisyonèl alavni pou aliyen tout dat eleksyon yo, ekonomize lajan kontribiyab yo pou minisipalite yo nan redui depans administrasyon eleksyon yo

Gouvènè Hochul te siyen jodi a lejislasyon ki elaji aksè nan bilten vòt ak rann li pi fasil pou Nouyòkè yo vote nan eleksyon lokal yo ki afekte lavi yo. Lejislasyon S3505-B/A4282-B mete ajou kalandriye eleksyon an lè l aliyen anpil eleksyon lokal ki fèt kounye a nan ane enpè avèk eleksyon nan tout eta a ak eleksyon lejislatif ki fèt nan ane pè.

"Chak Nouyòkè elijib merite dwa pou yo patisipe nan pwosesis demokratik la san obstak ki pa nesesè," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Lè nou siyen lejislasyon sa a, n ap fè yon pa enpòtan nan direksyon pou elaji aksè nan bwat bilten vòt la epi ankouraje yon demokrasi ki pi enklizif. Sa a se yon premye pa enpòtan epi m ap sipòte yon amannman konstitisyonèl pou aliyen tout ane eleksyon yo, pou ekonomize lajan kontribiyab yo epi evite fatig elektè yo."

Lejislasyon S3505-B/A4282-B pral chanje anpil eleksyon konte ak vil soti nan ane enpè yo pou ane pè yo. Lejislasyon sa a afekte tout eleksyon kote yo ka chanje dat yo atravè aksyon lejislatif; chanje dat eleksyon pou sèten biwo, tankou pòs jij ak biwo nan nenpòt vil nan Eta New York, dwe fèt atravè yon amannman konstitisyonèl. Gouvènè Hochul te anonse tou sipò li pou yon amannman alavni nan Konstitisyon Eta New York la ki ka aliyen eleksyon pou tout biwo yo – yon apwòch ki responsab sou plan fiskal k ap redui administrasyon eleksyon pou kontribiyab yo lè li evite nesesite pou eleksyon fèt chak ane.

Lè nou konsolide plis eleksyon nan ane ki pè yo lè pifò elektè yo deja planifye pou patisipe nan yon eleksyon, chanjman sa a pral ogmante patisipasyon elektè yo nan eleksyon lokal enpòtan yo. Patipasyon elektè yo nan eleksyon ki fèt nan ane pè yo nan Eta New York pi wo anpil pase patisipasyon pandan ane enpè yo. Pa egzanp, plizyè milyon Nouyòkè te patisipe nan eleksyon an 2020, lè apeprè 64 pousan elektè elijib yo te vote, pase an 2021, lè sèlman 25 pousan elektè elijib te patisipe nan eleksyon lokal atravè Eta a.

Lè eleksyon yo fèt nan ane enpè yo, andeyò sik eleksyon tradisyonèl elektè yo pi abitye ak yo a, depans pou patisipe nan pwosesis demokratik la ogmante, sitou pou elektè yo ki ka gen difikilte pou fè aranjman pou pran konje nan travay yo ak ale nan sit biwo vòt yo a. Demokrasi travay pi byen lè tout elektè elijib yo ka patisipe, epi nouvo lwa sa a fè Eta New York avanse nan direksyon objektif sa a. Lòt eta ak jiridiksyon atravè peyi a te fè menm kalite ajisteman bon sans nan kalandriye eleksyon yo epi answit te wè yon gwo ogmantasyon nan patisipasyon elektè yo nan eleksyon lokal yo.

Gouvènè Adjwen Antonio Delgado te deklare, "Asire aksè nan bilten vòt se yon bagay fondamantal pou pèmèt demokrasi nou an. Lejislasyon sa a pral ede aliyen eleksyon yo, nan kreye yon pwosesis ki pi efikas ak aksesib. New York fyè pou l se yon lidè nan avansman dwat vòt yo."

Senatè Eta James Skoufis te deklare, "Se responsablite nou pou nou ankouraje yon anviwònman kote majorite elektè yo patisipe aktivman nan eleksyon lokal yo, nan chwazi lidè ki vrèman reprezante bezwen yo. Senkwonize eleksyon nan vil ak konte yo se yon pwopozisyon ki bon pou tout moun, se poutèt sa yon sondaj Siena College te jwenn anpil sipò pou chanjman an pami tout pati yo ak tout gwoup demografik yo. Li pral plis pase double patisipasyon nan eleksyon lokal yo, ekonomize lajan kontribyab yo, epi li pral kòmanse senplifye modèl eleksyon frajil nan eta a. Mwen sensèman remèsye Gouvènè Hochul paske li te elimine bri a ak defann demokrasi - siyen lejislasyon sa a se yon viktwa transfòmasyon pou patisipasyon elektè yo, pou ekite ak gouvènman reprezantatif."

Manm Asanble Michaelle C. Solages, Prezidan Konsèy Lejislatif Nwa, Pòtoriken, Panyòl ak Azyatik, te deklare, "Antanke reprezantan divès kominote nan eta a, Konsèy (Caucus) la devwe pou asire ke chak Nouyòkè gen opòtinite pou egzèsè dwa yo genyen pou vote epi patisipe nan demokrasi. Lè nou senplifye pwosesis eleksyon an epi aliyen li ak yon peryòd aktivite sivik ki ogmante, Eta New York vize pou ranfòse angajman elektè yo epi bay kominote defavorize yo posibilite pou yo chwazi yon reprezantasyon responsab nan nivo lokal la. Pa gen dout ke lejislasyon sa a se yon viktwa pozitif pou pèp la, epi mwen mete ansanm ak kòlèg mwen yo pou nou felisite Gouvènè Kathy Hochul paske l siyen mezi sa a."

Kad Egzekitif Konte Westchester, George Latimer, te deklare,, "Mwen bat bravo pou Gouvènè Kathy Hochul paske li siyen lejislasyon ki chanje kèk eleksyon lokal yo nan ane ki pè yo. Gen plizyè konte ki deja òganize eleksyon nan ane ki pè pou Egzekitif Konte ak Lejislatè Konte a, epi sa ap inifòmize l atravè tout konsèy la epitou li pral sèvi

kòm yon rezilta pozitif pou eleksyon Konte yo nan Westchester. N ap wè patisipasyon plis elektè ak pi gwo patisipasyon nan eleksyon enpòtan sa yo isit la ak lòt kote atravè eta a."

Direktè Egzekitif Reinvent Albany, John Kaehny, te deklare, "Reinvent Albany remèsye Gouvènè Hochul paske li siyen 'eleksyon pou ane ki pè yo' pou vin lwa, sa ki pral dirèkteman mennen plis Nouyòkè k ap vote nan eleksyon lokal yo. Nou apresye gouvènè a paske l fè avanse mezi bon sans sa a ak aji pou ranfòse demokrasi New York nan yon fason pratik ak imedyà. Bravo pou esponsò Sen Skoufis ak AM Paulin ak anpil defansè ki te pèmèt sa rive."

Direktè Egzekitif Common Cause, Susan Lerner, te deklare, "Chanje eleksyon lokal yo pou ane pè yo pral ogmante patisipasyon, diminye fatig elektè yo, epi minimize estrès sou Komisyon Konsèy Elektoral lokal yo. Se yon viktwa pou elektè yo, ki pral tandè dirèkteman kandida lokal yo sou pwoblèm lokal yo. Nou kontan Gouvènè Hochul te siyen refòm sa ki favorab pou elektè yo."

Direktè Egzekitif Citizens Union, Betsy Gotbaum, te deklare, "Citizens Union bat bravo pou Gouvènè Kathy Hochul paske li te siyen lejislasyon pou fè eleksyon vil yo ak konte yo vin nan ane ki pè, epi li remèsye Senatè Eta James Skoufis ak Manm Asanble Amy Paulin pou lidèchip yo nan ede fè adopte pwojè lwa sa a. Sa make yon reyalizasyon enpòtan nan efò k ap kontinye fèt pou ranfòse patisipasyon sivik nan New York. Aliyen eleksyon lokal yo ak gwo eleksyon yo pral mennen nan plis patisipasyon elektè yo, sitou pami jèn yo ak moun koulè yo. Lejislasyon sa a se sèlman premye etap nan kreye yon kalandriye elektoral ki sèvi elektè yo epi ki ankouraje patisipasyon yo, epi lejislatè yo pran angajman pou yo adopte yon lejislasyon ki pi konplè atravè yon amannman konstitisyonèl ki fè eleksyon lokal yo vin nan ane pè yo atravè tout eta a, sa enkli eleksyon minisipal nan Vil New York yo."

Avoka Prensipal nan Pwogram Eleksyon ak Gouvènman Brennan Center for Justice, Joanna Zdanys, te deklare, "Brennan Center bat bravo pou lidè Eta New York paske yo te adopte lejislasyon enpòtan sa a ki vize chanje kèk eleksyon lokal soti nan ane enpè yo rive nan ane pè yo. Nou konnen apati eksperyans nou atravè peyi a ke li pral ogmante patisipasyon elektè yo, ankouraje patisipasyon yon elektora ki pi reprezantatif, epi asire plis Nouyòkè ki elijib yo gen mo pa yo nan desizyon ki afekte kominote lokal yo. Nou ankouraje lejislatè nou yo pou yo itilize moman sa a pou kòmanse pwosesis pou fè tout eleksyon lokal yo – ki gen ladan eleksyon minisipal yo – vin fèt nan ane ki pè yo."

Direktè Pwojè sou Dwa Vòt New York Civil Liberties Union, Perry Grossman, te deklare, "Partisipasyon solid ak ekitab se yon siy demokrasi an sante. Lè li rann li pi fasil pou tout Nouyòkè yo patisipe nan eleksyon lokal yo, lwa sa a pral non sèlman ogmante lejitimite eleksyon eta nou yo, men li pral ranfòse tou responsabilite ak repons lejislatè nou yo. Nouyòkè yo merite reprezantasyon ki pi byen reflekte volonte pèp la."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Hispanic Federation, Frankie Miranda, te deklare, "Hispanic Federation bat bravo pou Gouvènè Hochul paske li te siyen pwojè lwa sou aliyman eleksyon an. Nouvo lwa a senplifye sistèm vòt konplèks eta a, ki pral ankouraje plis Nouyòkè patisipe nan pwosesis demokratik nou an. Yon demokrasi solid mande eliminasyon obstak ki pa nesèsè pou asire plis elektè posib patisipe nan vòt yo nan eleksyon lokal, eta ak nasyonal yo. Sa a se laverite sitou kounye a piske dwa vòt pou kominote koulè yo anba atak atravè peyi a. Antanke lidè nou dwe fè tout sa nou kapab pou kontinye elimine obstak yo, pwoteje dwa vòt nou yo, epi motive kominote nou yo pou yo ka fè tande vwa yo."

Avoka pou Repatisyon Fon Defans Legal la, Michael Pernick, te deklare, "Nou felisite Gouvènè Hochul pou lidèchip li nan siyen Pwojè Lwa sou Aliyman Eleksyon an ak Senatè Skoufis paske li te sipòte lejislasyon sa a. Lejislasyon enpòtan sa a pral elimine eleksyon diskriminatwa ki pa nan sik yo nan nivo konte ak vil atravè eta a, ki agrave diferans rasyal nan patisipasyon politik epi ki mennen nan mank reprezantasyon elektè nwa yo ak lòt elektè koulè yo. Lejislasyon sa a pral ogmante patisipasyon sivik nan eleksyon lokal yo epi mete fen nan yon obstak pou reprezantasyon ki fè mal yon fason ki pa pwopòsyonèl a elektè nwa yo ak lòt elektè koulè yo."

PDG Fon Edikatif NALEO, Arturo Vargas, te deklare, "Pwojè Lwa sou Aliyman Eleksyon an reprezante yon opòtinite enpòtan pou ranfòse patisipasyon elektoral pou latino yo ak lòt gwoup ki manke reprezante yo. Demokrasi nou an pi solid lè plis moun patisipe nan pwosesis elektoral la. Nou remèsye lejislasyon sa a paske yo priyorete lejislasyon sa a ki baze sou prèv yo epi n ap tann plis opòtinite pou ogmante patisipasyon elektè yo."

Direktè Egzekitif Institute for Responsive Government, Sam Oliker-Friedland, te deklare, "Nou bat bravo pou Gouvènè Hochul paske li siyen pwojè lwa enpòtan sa a. Chanje eleksyon lokal yo pou ane pè yo se yon etap ki gen bon sans nan direksyon eleksyon ki pi reprezantatif ak ekonomi enpòtan pou responsab eleksyon yo. Pwojè lwa sa a pral pote plis elektè nan pwosesis politik la, ki gen ladan jèn elektè yo ak elektè koulè yo, epi evite patisipasyon ki ba anpil ak rezilta ki pa reprezantatif nan eleksyon lokal yo."

Direktè Jeneral Generation Vote, Brendan Cushing, te deklare, "Generation Vote andose avèk fyète NYS S3505B/A4282B, ki pral aliyen sèten eleksyon lokal andeyò Vil New York avèk eleksyon nan ane pè yo. Sistèm aktyèl la pou òganize eleksyon lokal yo nan ane enpè yo mennen nan konfizyon elektè yo epi li kontribiye nan fèb patisipasyon elektè yo nan eleksyon lokal yo – sitou pou jèn elektè ak elèv yo. Antanke yon mouvman entèseksyon ki dirije pa jèn k ap goumen pou dwa nou pou vote ak yon demokrasi jis pou tout moun, GenVote bat bravo pou Gouvènè Hochul paske li te deplase pou l siyen pwojè lwa sa a, ki pral finalman pèmèt pi piti elektè yo pi byen reprezante nan gwo patisipasyon, nan eleksyon nan ane pè yo."

Kowòdonatè Kowalisyon pou Demokrasi Citizen Action of New York, Karen Wharton, te deklare, "Patisipasyon elektè yo nan New York nan dènye ane yo te

ekstrèmeman ba avèk yon elektora ki pi aje, pi blan, pi rich epi ki pa patikilyèman reflete bèl mozayik Nouyòkè nou yo. Pratik eleksyon ki pa nan ane a anpeche kominote koulè ak jèn yo itilize dwa yo. Refòm sa a, nan li menm, pral ogmante patisipasyon elektè yo. Kidonk, nou bat bravo pou Gouvènè Kathy Hochul ak lejislati Eta New York pou refòm ki esansyèlman enpòtan sa a nan mach nou pou soti nan pi move rive nan premye nan nasyon an nan zafè demokrasi."

Avoka Prensipal LatinoJustice PRLDEF, Fulvia Vargas-De Leon, te deklare, "Siyen lejislasyon sa a se yon lòt etap ankò nan direksyon pou fè elektè yo nan New York avanse nan direksyon yon demokrasi ki vrèman enklizif. Pwojè lwa sa a pral elimine pifò konfizyon elektè yo epi bese fè patisipasyon ki deranje eleksyon lokal nou yo. Nou espere wè enpak lwa sa a sou kapasite kominote latino a pou patisipe totalman nan pwosesis elektoral la."

Direktè Egzekitif Dominicanos USA, Eddie Cuesta, te deklare, "DUSA felisite efò Gouvènè a ap fè nan siyen yon lwa ki pral asire pi gwo patisipasyon nan eleksyon nou yo pou tout elektè yo. Lwa sa a pral garanti elektè yo kounye a gen yon chans pou yo vrèman tande yo nan tout nivo gouvènman an. Nou espere angaje kominote a pou l kontinye enplike ak patisipe nan pwosesis elektoral la."

Ko-fondatè ak Direktè YVote, Sanda Balaban, te deklare, "YVote bat vravo avèk antouzyas pou Gouvènè Hochul paske li te siyen lejislasyon enpòtan sa a jodi a. Chanje eleksyon lokal yo pou ane pè yo pral ankouraje yon demokrasi ki pi ekitab nan kominote yo atravè eta nou an, enkli pou pi piti elektè nou yo ki merite fè tande vwa yo byen fò ak klè nan bwat bilten vòt yo. Antanke yon òganizasyon ki konsantre sou motive ak mobilize jèn elektè yo, nou konnen ki diferans sa pral fè. Nou remèsye lejislatè yo dèske yo priyore ak fè avanse politik sa a ki nan avantaj elektè yo nan sesyon sa a."

Klinik sou Lwa Elektoral nan Harvard Law School te deklare, "Aliyen eleksyon lokal yo ak eleksyon jeneral yo te pwouve yo se youn nan fason ki pi efikas pou non sèlman diminye diferans nan patisipasyon yo selon ras ak laj, men tou pou amelyore rezilta gouvènans pou gouvènman lokal yo ka pi byen reflete volonte elektè yo. Klinik Lalwa Elektoral (Election Law Clinic) nan Harvard Law School bat bravo pou Gouvènè Hochul ak esponsò pwojè lwa a, Senatè Skoufis ak AM Paulin, paske yo te ede New York rantre nan gwoup eta ki te fè pa enpòtan sa a pou amelyore reprezantasyon nan gouvènman lokal la."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral YMCA nan Greater New York, Sharon Greenberger, te deklare, "YMCA nan Greater New York selebre desizyon Gouvènè Hochul te pran pou l siyen S3505-B/A4282-B epi ogmante patisipasyon elektè yo nan chanje eleksyon lokal yo pou ane ki pè yo. Chak ane Y anrejistre elektè yo epi pataje enfòmasyon sou eleksyon pou manm nou yo ka fè tande vwa yo nan bilten vòt yo. Nou kontan anpil lè nou wè manm kominote yo jwenn plis aksè epi nou espere wè yon pi gwo pati nan Nouyòkè yo k ap patisipe nan eleksyon lokal yo."

Aksyon jodi a baze sou bilan solid Gouvènè Hochul nan zafè ranfòse dwa vòt ak elaji aksè nan bilten vòt la atravè administrasyon li a. Nan mwa jen 2022, Gouvènè a te adopte Lwa sou Dwa Vòt John R. Lewis, lwa sou dwa vòt ki pi solid nan nivo eta a nan nasyon an, ki pwoteje elektè New York yo kont rediksyon, represyon, entimidasyon ak lòt obstak ki afekte patisipasyon elektè yo. Nan mwa desanm 2022, Gouvènè a te adopte yon lejislasyon ki ogmante kantite tan Nouyòkè yo genyen pou yo enskri pou yo vote, sa ki te chanje dat limit pou enskripsyon elektè yo soti nan 25 jou anvan yon eleksyon pou vin nan yon minimòm, ki otorize selon konstitisyon an, jis 10 jou anvan yon eleksyon. Nan mwa septanm 2023, Gouvènè Hochul te siyen lejislasyon ki etabli yon sistèm pou vòt bonè pa lapòs, ki te kreye yon pwosesis ki pèmèt tout elektè ki elijib, ki anrejistre nan New York yo gen opòtinite pou yo vote bonè pa lapòs anvan yon eleksyon.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)